



MIRROR LAKES ELEMENTARY SCHOOL

Jody Poulakis
Principal

August 2018

Chè Paran/ Gadyen:

Lèt sa a se pou enfòmè w yo pral evalye pitit ou a pandan premye 30 jou lekòl nan sèvi ak egzamen ‘Star Early Literacy[®]’ kòm nouvo “Florida Kindergarten-Readiness Screener (FLKRS)” (Egzamen Florid sou Preparasyon pou Jadendanfan). Rezilta egzamen sa yo bay enfòmasyon enpòtan sou preparasyon nan yon timoun pou lekòl, ede pwofesè devlope plan leson pou yo satisfè chak timoun a sa yo bezwen endividyèl.

Star Early Literacy[®] se yon egzamen ki fèt sou òdinatè ki gen ladan 27 kesyon e ki pran 15 minit pou elèv jadendanfan ranpli. Elèv yo ka itilize aparèy ak sourit, klavye, oubyen touch ekran pou reponn kesyon yo, ki di awotvwa sou òdinatè a e ki montre imaj senp. Pwofesè pitit ou a pral ba li tan pou li pratike pou l vin abitye avèk fòm egzamen an anvan li patisipe nan egzamen ofisyèl FLKRS la.

Metòd egzamen FLKRS yo itilize a baze sou estanda pèfòmans yo apwouve pou itilizasyon nan Pwogram Edikasyon “Voluntary Prekindergarten (VPK)” (Klas Matènèl Volontè) a. Si w gen kesyon sou administrasyon egzamen FLKRS la, ou ka kontakte Tonya Knight nan Mirror Lakes Elementary School. Pou plis enfòmasyon sou pwogram FLKRS la, silvouplè vizite paj FLKRS la sou sit Entènèt FDOE a nan

Mèsi dèske w sipòte pitit ou a e lekòl li a pandan administrasyon egzamen sa a. Nou tout ap travay ansanm pou asire pitit ou a gen siksè nan eksperyans jadendanfan li a.

Sensèman,

Jody Poulakis

Mrs. Poulakis
Principal